



## Èske Mwen Kalifye?



### Sitwayènte/Rezidans ak Kondisyon Revni

Ou dwe sitwayen ameriken oubyen yon rezidan legal nan USVI.

Satisfè kondisyon HUD yo poun revni fèb jiska mwayen oswa bezwen ijan.



### Pwopriyete ak Rezidan Prensipal

Pwouve ou se mèt kay ki se rezidan prensipal ou **apatide septanm 2017**.



### Domaj Tanpèt Lakòz

Domaj nan pwopriyete an akòz Siklòn Irma epi/oswa María.



### Estrikti ki Elajib

Pwopriyete ki domaje a se dwe youn nan tip estrikti elijib sila yo:

- Kay pou youn oswa 2 fanmi
- Mobil Home
- Kondominyòm

*Nòt: Karavann yo ak woulòt pou vwayaj yo PA ELIJIB.*

## Kijan pou w Aplike? Ki Dokiman Y ap Mande M?

### Gen 3 fason pou aplike:



#### Sou Telefòn Ou

Telechaje dokiman sou aplikasyon sekirize pou smatfòn. **Aplikasyon:** Alikasyon EnVIsion an disponib pou telechaje li nan magazen aplikasyon ou an (App store). Chèche: **VI Storm Recovery** apreesa ouvri yon kont avèk yon imèl epi ranpli aplikasyon an.



#### Sou Konpitè Ou

Telechaje dokiman w yo sou pòtay an liy la. Ou kapab pwograme tou yon konsiltasyon pèsònèl nan Sant Redrèsman nou an ki pi pre w la. **Wèbsayt:** [Vlstormrecovery.com](http://Vlstormrecovery.com)



#### Fas-a-fas

Kontre ak yon Konsèye Pwogram kalifye nan yon Sant Redrèsman.

#### St. Croix

Health Conscious building (akote NAPA)

#### St. Thomas

TuTu Mall (akote Subway)

#### St. John

The Marketplace (akote VIYA)



### Prèw Sitwayènte ak Rezidans

*Dokiman yo gen ladann:*

- Pèmi pou Kondwi Machin U.S.V.I.
- Batistè oubyen lòt prèw konfòmite leta bay



### Prèw Pwopriyete

*Tanpri pote youn nan dokiman sila yo:*

- Tit pwopriyete (pi bon)
- Rapò Tit (yon konpayi asirans akredite tit ki bay li)
- Dosye evalyatè taks
- Lòt dokiman legal (yo pra egzamine yo ka pa ka)



### Prèw Okipasyon

*Tanpri pote youn nan dokiman sila yo:*

- Lèt atribisyon FEMA IA
- Egzanpsyon 2017 Homestead oswa lòt egzanpsyon ki verifiye grasa dosye taks fonsye Teritwa a
- OLòt dokiman yo ba w nan moman dezal la te fèt:
  - Bòdwo/deklarasyon/korespondans ki dekri anba la a. Se pou bòdwo/ deklarasyon/ korespondans lan date nan mwa anvan oswa mwa dezal la te rive epi li dwe koresponn ak non ak adrès ki sou aplikasyon Pwogram la
 

• Elektrik	• Fatra	• Telefòn
• Gaz	• Dlo ize	• Kat kredi
• Dlo	• Kab	• Relve labank
  - Dosye kat votè ak pèmi machin ki koresponn ak non epi adrès ki sou aplikasyon Pwogram la.



### Prèw Revni

*Tanpri pote youn nan dokiman sila yo:*

- Deklarasyon taks federal ki pi resan an (pi bon)
- W2 ki pi resan an
- Dokiman sous revni sou 3 mwa pou tout moun nan kay la pou detèmine revni anyèl kay la (pa egzansyon, deklarasyon salè, deklarasyon pousantaj patisipasyon, deklarasyon konpansasyon chomaj) pou fanmi a

*\*Kondisyon pwogram la gendwa chanje.*